

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran hasil panalungtikan dina bab saméméhna. Ieu panalungtikan téh miboga kacindekan diantaranna:

a. Struktur mikro

Struktur mikro dina analisis wacana kritis model Teun A. van Dijk ngawengku opat bagian nyaéta semantik, sintaksis, stilistik jeung rétoris. Semantik ngawengku latar, detail, maksud, praanggapan, jeung nominalisasi. Sintaksis ngawengku wangun kalimah aktif-pasif jeung kohérénsi. Stilistik ngawengku léksikon, pronomina, jeung métafora. Rétoris ngawengku grafis.

b. Struktur makro

Struktur makro dina analisis wacana kritis model Teun A. van Dijk nétélakeun téma puseur anu katémbong dina wacana. Téma anu katémbong mangrupa gambaran kajadian anu karék karandapan ku masarakat. Téma puseur dina ieu rubrik tangtu béda-béda. Tapi sanajan béda kabéhanana ngagambarkeun ngeunaan kakawasaan jeung pamaréntahan

c. Superstruktur

Superstruktur medar ngeunaan skéma atawa galur dina hiji wacana. Dumasar hasil analisis ieu wacana téh ditulis ngaguluyur ti mimiti bubuka, eusi, jeung panutup. Nu ditepikeun dina ieu wacana ogé gampang dipikaharti ku nu maca alatan eusina mémang saluyu jeung kahirupa anu aya di masarakat.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi anu dipedar saméméhna, implikasi dina ieu panalungtikan diantarana pikeun masarakat, ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh dina widang wacana utamina dina

wacana kritis. Pikeun pamilon atikan, bisa dipaké pikeun réferénsi panalungtikan, ngajembaran pangaweruh, sarta pikeun maluruh kabasaan utamana dina medar wacana kritis.

5.3 Rékoméndasi

Panalungtikan ngeunaan analisis wacana kritis model Teun A. van Diik kana rubrik “Béja Ti Nagara” dina Majalah *Manglé* ieu teh ukur museurkeun kana unsur téksna wungkul. Tangtu waé perlu aya panalungtikan sejen anu ngaguar leuwih jero kana sakabéh elemen analisis wacana kritis nyaéta kana kontéks jeung kognisi sosialna. Ieu hal perlu dilakukeun sangkan bisa ngajembaran tur ngalengkepan deui analisis wacana kritis ngagunakeun model A. van Dijk. Data nu dijadikeun sumber panalungtikan gé bisa leuwih jembar tur rupa-rupa wangunna, boh dina wacana fiksi boh dina wacana nonfiksi.

Majalah *Manglé* anu jadi sumber dina ieu panalungtikan terus medal ti baheula nepi ka ayeuna, tangtuna mawa kahadean pikeun sakumna urang Sunda. Lantaran salian ti jadi sumber panalungtikan, ieu majalah ge bisa dijadikeun sumber pikeun saha wae nu hayang diajar basa sunda, tur bisa nambahan informasi ngeunaan kasundaan. Ku kituna, perlu dironjatkeun panalungtikan nu ngajadikeun majalah *Manglé* minangka sumber utama ngeunaan basana, budayana, sastra atawa sajarahna.